МКДОУ «ЦРР – детский сад №1 «Сказка»

Интегрированное занятие

# *«Звуки весны»*



Подготовила и провела:

Дарбищева Э.С.

учитель-логопед

10.03.2021г.

## Интегрированное занятие «Звуки весны»

Дарсил мурад:
1.К1алзуд калам цебет1езаби. Хабар г1уц1и
2. З, С, Ф,Д гьаркьал рит1ун абизе ругьун гьари.
3. Мнемотаблицалдасан кеч1 бицун ругьун гьари.

1. Лъимал, нилъер буго ц1акъ берцинаб, интересаб занятие. Щиб бицине бугеб лъазе дица нужее цо бицанк1о ч1вайла.

Г1азу - ц1ад биунеб,
Дунял ц1илъулеб,
Къоял халалъулеб
Милъиршо щолеб?

Лъалъай пъимал нужеда, гьеб кинаб заман?
- Бит1ун буго лъимал – их.
- Кинаб их т1аде щвараб? (х1еренаб, рохалилаб, хинаб, г1ажаибаб, г1аламатаб, ригьдагояб, кват1араб, ц1адалаб, )

**2.Сураталдасан хабар г1уц1и.**
- Лъимал, кинаб г1ажаиблъи бук1унеб ихдал?
Киса - кибего биунеб биунеб буго г1азу.
Чилчилиялда чвахулеб буго лъар.
Хинал улкабаздаса нахъруссун рач1унел руго х1анч1и.
Лъималаз кагътил гама биччалеб буго.
Т1егьалел руго бат1и-бат1иял т1угьдул. (Гимнастика «Ландыш»)

**-Берцинаб ихдалил сурат гьабуна нилъеца.**
**- Рач1а лъимал нилъ ихдалил музыкалъухъ г1енеккизе. Кинал гьаркьалха нилъеда раг1арал?**
Ку-ку-ку- гагуялъул гьаракь.
З-з-з-з-з - к1араялъул гьаракь.
Д-д-д-д-д – гъот1орк1оялъул гьаракь.
С-с-с-с-с-лъаралъул гьаракь
Ш-Ш-Ш-Ш-Ш- гъут1бузул гьаракь.
Ы-ы-ы-ы- ци бахъана квен балагьизе.
Ф-Ф-Ф-Ф- г1ужурукъалъул гьаракь.
- Чан моц1алъ бук1унеб их? Рач1а рак1алде щвезарилин. Гьаб моц1алде щибин абулеб? Гьалда хадуб кинаб млц1 бач1унеб?

Игра «Цо – г1емер»
Моц1- моц1ал.
Х1инч1 – х1анч1и.
Т1егь – т1угьдул.
Лъар - лъарал.
Гъвет1 – гъут1би.
Нак1к1 – нак1к1ал.

Игра «Антонимал»
Хасел ана, их бач1ана.
Хасел квачараб – их хинаб.
Хасало г1азу г1емераб, ихдал дагьаб.
Хасало къоял къокълъана, ихдал халалъана.
Хасало бакъул канлъи дагьлъана, ихдал г1еиерлъана.

- Рач1а лъимал гордухъан ралагьизин. Бакъ кинаб бук1улеб? (ихдалил, гвангъараб, хинаб, к1удияб, х1еренаб, боххараб, разияб, т1огьилаб, меседилаб)
- Нак1к1ал кинал ругел? (Т1адагьал, х1еренал, канч1ал)
- Зоб – борхатаб, канч1хъах1илаб, бац1ц1адаб, роц1ц1араб)
- Хер- канч1г1урччинаб, ц1ияб, мах1берцинаб, ихдалилаб,
- Дида, къват1ие ялагьун рак1алде щвана берцинаб, пасих1аб ихдалил кеч1.
Гьеб кеч1 хъвана нилъерго ракьцояй Умайнат Шахбановалъ.

**Ихдалт1егь.**

Бакъде данде ц1абуц1ун
Баккулеб буго гьаб т1егь,
Т1езе дица гьеб гьеч1о,
Гьуинго кьижа абе,
Ихдалт1егь, ихдалт1егь.
Кант1угьилаб, ихдалт1егь,
Лъималазе хирияб
Берцинаб мун ихдалт1егь.

Кеч1алде ц1ар лъица бицинеб?
Сундул х1акъалъулъ бицуна бугеб?

Жакъа нилъеца бицана ихдалил т1абиг1аталъул, бакъназул, мах1берцинал т1угьдузул, кеч1ги лъазабуна. Жибго цо к1вар бугеб байрам нилъеда к1очана Кинаб байрам? Эбел кинай?
(Берцинай, х1еренай, х1алимай, йокьулей, хирияй, г1азизай, т1егьг1адинай, лъик1ай,…..)
Лъимал, гьанже ине руго г1ажаибаб мастерскаялде. Нилъеца эбелалъе гьабизе буго квербац1ц1. (Килщал х1алт1изарун лъималаз эбелалъе квербац1ц1алда т1егь бахъула)